

Patient Name:	Date of Birth:	Social Security Number (Last four digits):
Address:	Client ID Number(CIN):	Disability ID Number(DIN):

Mwen-menm, oswa reprezantan otorize mwen, mande pou yo divilge enfòmasyon sou sante ki konsène swen mwen jan sa endike nan fòm sa a. Dapre Lwa Eta New York (New York State Law) ak Règ konsènan Enfòmasyon Prive Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsablite Asirans-Maladi (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA), mwen rekonèt:

- Otorizasyon sa a ka gen divilgasyon enfòmasyon ki konsène Abi Alkòl ak Dwòg, Tretman Sante Mantal, sof nòt sikoterapi, ak enfòmasyon konfidansyèl sou VIH, sof si mwen koche kaz apwopriye (yo) nan seksyon 9(c). Sinon, sizoka enfòmasyon medikal mwen ki decri anba la a, nan seksyon 9(a), gen nempòt kalite enfòmasyon sa yo, epi mwen mete inisyal mwen sou liy ki nan kaz nan seksyon 9(b), mwen otorize sitou pou yo divilge enfòmasyon yo ba moun (yo) oswa enstitisyon ki endike nan Seksyon 8.
- Si mwen bay otorizasyon pou divilge enfòmasyon ki konsène VIH, tretman pou abi alkòl oswa dwòg, oswa tretman pou sante mantal, moun ki resevwa enfòmasyon yo ap gen entèdiksyon pou re-devwale enfòmasyon yo san otorizasyon mwen sof si lalwa federal oswa lwa eta a bay otorizasyon pou sa fèt. Mwen rekonèt mwen gen dwa tou pou mande yon lis moun ki ka resevwa oswa ki ka itilize enfòmasyon ki asosye avèk VIH mwen san otorizasyon mwen. Si mwen viktim diskriminasyon akòz piblikasyon oswa divilgasyon enfòmasyon ki gen pou wè ak VIH omwen, mwen ka kontakte New York State Division of Human Rights nan nimewo (888) 392-3644 oswa TDD/TTY (718) 741-8300
- Mwen gen dwa pou anile otorizasyon sa a nempòt lè depi mwen voye yon lèt ba pwofesyonèl swen sante ki endike anba la a nan Seksyon 7. Mwen rekonèt mwen ka anile otorizasyon sa a, sof nan limit aksyon yo deja pran selon otorizasyon sa a. Si mwen pa t anile otorizasyon sa a anvan, l ap ekspire lè yo fè detèminasyon/revizyon sa a oswa yon ane apati dat mwen siyen fòm sa a, kèlkeswa sa ki vini anvan.
- Mwen rekonèt mwen ka siyen otorizasyon sa a sèlman si mwen vle. Mwen rekonèt State Disability Review Unit ap egzije pou mwen ranpli fòm sa a pou yo kapab rasanble enfòmasyon sou sante ki nesèsè pou yon detèminasyon sou andikap. Mwen rekonèt san otorizasyon sa a, kalifikasyon mwen pou avantaj Medicaid ka afekte.
- Department of Health (Depatman Sante) (sof jan sa endike nan paragraf 2) ta ka re-divilge enfòmasyon yo resevwa anba otorizasyon sa a, epitou re-divilgasyon sa a ka pa pwoteje ankò avèk lwa federal oswa lwa leta.
- Otorizasyon sa a pa otorize ou pou diskite sou enfòmasyon sou sante mwen oswa sou swen medikal mwen avèk moun ki pa ajans gouvènman ki endike nan Seksyon 9(b).

7. Non ak adrès pwofesyonèl swen sante oswa ajans ki resevwa otorizasyon pou divilge enfòmasyon sa yo:

8. Non ak adrès moun (yo) oswa ajans yo dwe voye enfòmasyon sa yo ba yo:

State Disability Review Unit OCP-826, State of New York, Department of Health, Albany, NY 12237

9(a). Enfòmasyon espesifik yo dwe divilge yo:

- Dosye medikal ant _____ (dat) ak _____ (dat).
- Tout Dosye Medikal la, ansanm ak istwa, nòt klinik (sof nòt sikoterapi), rezilta tèst yo, etid radyoloji, film, referans, konsiltasyon, dosye faktirasyon, dosye asirans, ak dosye lòt pwofesyonèl swen sante voye ba ou.
- Lòt: _____

9(b). Otorizasyon pou Diskite sou Enfòmasyon sou Sante:

Depi mwen mete inisyal ou la a _____ mwen otorize _____
(NON MOUN/PWOFESYONÈL SWEN SANTE)
pou diskite sou enfòmasyon sou sante mwen avèk **State Disability Review Unit**.

9(c). Mwen pa bay konsantman mwen pou divilgasyon (Koche tout kaz ki konsène ou):

- Tretman pou Alkòl/Dwòg Enfòmasyon sou Sante Mantal Enfòmasyon ki Gen pou Wè ak VIH

10. Rezon pou divilgasyon enfòmasyon yo:

- Sou demann moun nan Lòt: _____

11. Objektif Itilizasyon/Divilgasyon:

Detèminasyon Andikap ak Revizyon

12. Si se pa pasyan an, endike non moun ki siyen fòm nan sa a (an lèt detache):

13. Kalite otorizasyon pou siyen sou non pasyan an:

Mwen ranpli tout seksyon ki nan fòm sa a, epi mwen jwenn repons pou kesyon mwen yo sou fòm sa a.

Mwen otorize sant medikal/moun ki endike nan paj sa a pou yo divilge enfòmasyon sou sante moun ki site nan paj sa a ba New York State Department of Health State Disability Review Unit.

Fòm "Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon sou Sante ak Enfòmasyon Konfidansyèl sou VIH" bay pèmisyon pou pwofesyonèl swen sante ou yo (lopital, doktè, espesyalis terapi, elatriye) pou voye kopi dosye sante ou ba State Disability Review Team (Ekip Evalyasyon Andikap Eta a). Dosye sa yo ap ede Disability Review Team detèmine si ou andikape. W ap bezwen ranpli ak voye youn nan fòm sa yo ba chak nan pwofesyonèl swen sante ou yo ki bezwen voye dosye medikal ou.

Y ap ranpli kaz ki anlè fòm nan. Si enfòmasyon yo pa kòrèk, tanpri pase yon liy nan sa ki pa kòrèk yo, epi ekri enfòmasyon ki kòrèk yo.

Li enfòmasyon ki nan paragaf 1-6 ou jwenn anba kaz anlè a, anvan ou ranpli rès fòm nan. Paragraf sa yo ba ou enfòmasyon sou kalite enfòmasyon sou sante ou kapab chwazi pou pwofesyonèl swen sante ou yo voye, dwa ou pou bay otorizasyon pou divilgasyon dosye sante ou ak fason pou sispann otorizasyon an, epitou kimoun ki gen pèmisyon pou wè enfòmasyon sou sante ou.

7) Mete non ak adrès pwofesyonèl swen sante ki dwe voye dosye sante ou ba State Disability Review Team.
Ranpli yon fòm pou chak nan pwofesyonèl swen sante ou yo.

8) Fè pwofesyonèl swen sante ou konnen ba kimoun pou yo voye dosye sante a. Kaz sa a ap deja ranpli avèk enfòmasyon State Disability Review Team.

9a) • Si ou vle pwofesyonèl swen sante a voye dosye medikal ou pou yon sèten peryòd tan, koche premye kaz la epi antre dat yo pou peryòd tan an. Pou fè yon detèminasyon sou andikap, omwen 12 mwa dosye sante nesèsè pou peryòd tan an lè y ap detèmine andikap la.

• Si ou vle pou pwofesyonèl swen sante ou voye tout dosye medikal ou, koche dezyèm kaz la.

• Si ou vle pou pwofesyonèl swen sante ou voye nenpòt lòt enfòmasyon, koche twazyèm kaz la (Lòt) epi ekri enfòmasyon pwofesyonèl swen sante a dwe voye yo.

9b) Si ou vle kite pwofesyonèl swen sante ou pale avèk yon moun nan State Disability Review Team, mete inisyal ou ak non pwofesyonèl swen sante ou sou liy ou jwenn yo.

9c) Anba 9(c), koche kaz yo pou kalite enfòmasyon medikal pwofesyonèl swen sante ou pa gen pèmisyon pou voye.

10) Koche kaz la si moun nan te mande divilgasyon enfòmasyon yo, oswa koche kaz Lòt epi endike rezon pou demann lan.

11) Objektif demann sa a se pou yon detèminasyon andikap ak revizyon.

12) Si ou pa pasyan ki ranpli fòm pou mande dosye medikal yo, ekri non ou an lèt detache.

13) Si ou se reprezantan legal pasyan an, endike sa ou ye pou pasyan an. Pa egzanp, si pasyan an se yon timoun epi ou se paran li, mete paran. Si ou se responsab legal pasyan an, mete responsab legal.

Si ou vle pwofesyonèl swen sante ou voye dosye medikal ou, pasyan an oswa reprezantan legal pasyan an dwe siyen ak date fòm sa a.